



Miami Beach Community Health Center  
**AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE**

**AVI SA A DEKRI KÒMAN ENFÒMASYON MEDIKAL PA OU KAPAB ITILIZE E DIVILGE E KÒMAN OU KAPAB GEN AKSÈ A ENFÒMASYON SA A. TANPRI LI-L' BYEN.**

Miami Beach Community Health Center, Inc., ("MBCHC") angaje a pwoteje enfòmasyon medikal ou (ke yo konnen tou kòm "enfòmasyon sante" ou). La lwa egzije nou pou kenbe konfidansyalite avèk enfòmasyon sante ou ki pwoteje e pou nou founi ou Avi sou devwa legal e pratik konfidansyalite nou, konsènan enfòmasyon sante ou ki pwoteje. Nou pral suiv lwa ki aplikab yo avèk tèm ki nan avi ki an efè kounye a.

### KISA ENFÒMASYON MEDIKAL YE?

Enfòmasyon Medikal, oubyen Enfòmasyon Sante, se enfòmasyon ke MBCHC rekeyi de ou menm lè ke ou se yon pasyan, ki idantifye ki moun ou ye. Sa enkli enfòmasyon tankou non ou, dat ou fêt, dat ou jwenn sèvis, dyagnostik, trètman, enfòmasyon jenetik, enfòmasyon finansyè, medikaman, enfòmasyon demografik (non, adres, nimewo telefòn lakay/selilè/travay ou, adres imèl, avèk nimewo sekirite sosyal ou), foto, anrejistrement video/odyo, imaj, etc. Enfòmasyon sa a enpòtan paske li pèmèt anplwaye MBCHC trete ou avèk plis efisyans e efikasite.

### KIJAN ENFÒMASYON MEDIKAL OU KAPAB ITILIZE E DIVILGE:

Enfòmasyon ki swiv la dekri nan ki fason ke MBCHC kapab sèvi avèk e divulge enfòmasyon sante ou ki pwoteje pou trètman (ki enkli telemedsin), pèman, e pou jere operasyon swen sante yo. Itilizasyon e divilgasyon sa yo, sof si yo deklare otreman, pa egzije otorizasyon ou a lekri.

**Trètman.** MBCHC gen dwa sèvi avèk enfòmasyon sante sou ou pou founi ou trètman sante oswa sèvis. MBCHC kapab divulge enfòmasyon sante ou bay doktè, enfimyè, etidyan, rezidan, volontè, oswa lòt pèsonèl ki esansyèl ki enplike

nan pran swen ou. Pa egzanp, biwo nou an kapab divulge enfòmasyon sante ou bay yon espesyalis ke yo mande founi ou yon konsiltasyon apwopo de swen pa ou, oubyen enfòmasyon sante ou kapab transmèt pandan yon randevou telemedsin. Telemedsin se yon tip de trètman kote ke founisè a e pasyan an pa nan menm kote a, e trètman an bay apati de teknoloji, tankou komunikasyon odyovizyèl ki bidireksyonèl.

**Peman.** MBCHC gen posibilité pou li sèvi avèk e pou li divilge enfòmasyon sante sou ou pou yo resevwa peman pou sèvis ke yo founi a ou. Pa egzanp, biwo nou an kapab divilge sèten enfòmasyon bay founisè konpayi asirans ou pou yo resevwa peman pou sèvis ke yo ba ou. Sepandan, selon lwa leta Florid, nou dwe jwenn konsantman ou avan ke nou faktire nenpòt founisè endeyò pou sèvis ke nou founi a ou.

**Operasyon Swen Sante.** MBCHC gen posibilité pou li sevi avèk e pou li divilge enfòmasyon sante sou ou pou rezon operasyonèl ki anrapò a biwo nou. Pa egzanp biwo nou an kapab divilge enfòmasyon sou ou pou nou kapab amelyore kalite swen nou bay yo. Jan de aktivite sa yo konfidansyèl e yo konsevwa yo pou pèmèt biwo nou amelyore e pou li kontinye founi yon nivo swen de kalite a ou menm e a lòt pasyan nou yo. Nou kapab sèvi avèk e divilge enfòmasyon ou tou pou pou rapèl, pa egzanp pou nou bay randevou, preskripsyon, avèk rapèl pou lè ke genyen swen ki manke. Metòd kontak yo enkli mè yo pa limite a apèl telefonik, mesaj tèks, mesaj ke yo kite sou repondè oswa bwat vokal ou, pòtay pou pasyan (imèl), amwens ke ou avize nou otreman. Nou gen dwa kontakte ou pou fè suivi a swen ou oswa pou bay enfòmasyon ki anrapò a altènativ pou trètman avèk lòt benefis e/oswa sèvis ki kapab enterese ou.

**Kolèkt Lajan.** Nou gen dwa kontakte ou pou ranmase lajan pou MBCHC, sepandan, ou gen dwa pou ou mande nou pou ou pa patisipe nan janr de komunikasyon sa yo e nou dwe onore rekèt ou a.

**Fanmi avèk zanmi.** Amwens ke ou gen objeksyon a sa, nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou bay manm fanmi ou, lòt fanmi oswa zanmi pwòch ou lè ke



Miami Beach Community Health Center  
**AVISOU PRATIK KONFIDANSYALITE**

Enfòmasyon medikal la dirèkteman aplikab a moun sa a ki enplike nan swen ou.

**Divilgasyon a Department of Health and Human Services Ia.**

Nou gen dwa divilge enfòmasyon lè li egzije pa United States Department of Health and Human Services la kòm yon bagay ki fè pati de yon envestigasyon oswa de detèminasyon ki montre ke nou konfòme a lwa ki aplike yo.

**Notifikasyon.** Amwens ke ou gen objeksyon, nou gen dwa sèvi avèk oswa divilge enfòmasyon medikal ou a yon manm fanmi ou, yon reprezantan pèsònèl ou oswa yon lòt moun ki responsab pou pran swen ou, kote ou ye, kondisyon general ou, oswa lanmò.

**Sekou nan Dezas.** Nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou a yon antite ki publik oswa ki prive, tankou La Kwa Wouj Amerikèn (American Red Cross), pou ke yo kapab koòdone avèk antite sa a pou asiste yo avèk sekou nan dezas.

**Aktivite pou Sipèvizon Sante.** Nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou bay yon ajans sipèvizon sante pou aktivite sipèvizon ki otorize pa la lwa, ki enkli odisyon, envestigasyon, enspeksyon, lisans oswa aksyon disiplinè, pwosedi administrative e/ou legal.

**Abi ou Neglijans.** Nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou lòskilsaji de abi, neglijans oswa vyolans anvè ou menm selon lwa federal ou lwa eta a.

**Pwosedi Jidisyè e Administratif.** Nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou jan la lwa pèmèt li pandan sèten pwosedi jidisyè e administratif.

**Lapolis.** Nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou pou sèten bi ki konsène fòs de lòd (lapolis) jan la lwa egzije li a.

**Fonksyon Gouvènmantal ki Espesyalize.** Nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou kòm la lwa egzije li pou sèten fonksyon gouvènmantal ki espesyalize, ki enkli: sèten aktivite pou militè avèk veteran; sekirite nasyonal ak aktivite entelijans; sèvis pwoteksyon pou prezidan an avèk lòt bagay; e enstitisyon koreksyonèl avèk sitiyasyon detansyon pou fòs de lòd yo.

**Doktè lejis, Egzaminatè Medikal avèk Direktè**

**Ponp Finèb.** Nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou bay yon doktè lejis, egzaminatè medikal, oswa yon direktè ponp finèb.

**Donasyon Ògàn.** Si ou se yon donate ògàn, nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou a yon òganizasyon ki okipe donasyon ògàn oswa youn ki fè apwovizyonman.

**Rechèch.** Nou gen dwa sèvi e divilge enfòmasyon medikal ou a chèchè lè ke yon komisyon egzamen enstitisyonèl ki revize pwopozisyon rechèch yo e pwotokòl ki etabli pou asire konfidansyalite enfòmasyon sante ou e yo apwouve rechèch yo e key o akòde yon dispans pou otorizasyon an.

**Aktivite Sante Biblik.** Nou gen dwa sèvi ou divilge enfòmasyon medikal ou pou aktivite sante biblik, ki enkli rapò malady, blesi, evènman vital, e pou fè siveyans pou sante biblik, evistigasyon e/oswa pou entèvansyon.

**Sekirite Biblik.** Nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal ou pou prevni oswa atenyé yon menas ki serye a sante e sekirite yon lòt moun oswa a biblik la.

**Konpansasyon pou Travayè.** Nou gen dwa divilge enfòmasyon medikal nou jan la lwa otorize li selon lwa ki anrapò avèk konpasasyon pou travayè oswa pwogram ki similè.

**Asosye Biznis.** Nou gen dwa divilge enfòmasyon sante ou a yon asosye biznis ke nou gen yon kontra avè-l' pou nou bay sèvis nou. Pou pwoteje enfòmasyon sante ou, nou egzije asosye biznis nou pou pwoteje kòrèkteman enfòmasyon sante sou pasyan nou. Pa egzanp, MBCHC gen dwa sèvi ak yon lòt konpayi pou fè sèvis faktirasyon nan plas nou. Asosye biznis nou oblige selon la lwa e sou kontra avèk nou pou yo pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sante ou. Asosye biznis MBCHC yo pa gen otorizasyon pou yo sèvi avèk e pou yo divilge okenn nan enfòmasyon sante ou, eksepte sa ki espesifye nan kontra nou avèk yo, e jan la lwa egzije li.

**Echanj Enfòmasyon Sante.** Nou gen dwa divilge enfòmasyon sante ou atravè yon òganizasyon ki fè echanj enfòmasyon sante. Se nou gen plan pou nou divilge enfòmasyon sante ou atravè yon òganizasyon echanj enfòmasyon sante, nou pral founi ou yon opòtinite pou ou swa chwazi patisipe ou pa patisipe nan divilgasyon sa a.

**TÈM POU ARANJMAN SWEN SANTE ÒGANIZE:** Miami Beach Community Health Center fè pati de yon aranjman pou swen sante ki enkli patisipan nan Health Choice Network ("HCN"). Yon lis aktyèl de patisipan nan HCN disponib nan <https://www.hcnetwork.org/leadership>. Antan ke asosye biznis



Miami Beach Community Health Center  
**AVISOU PRATIK KONFIDANSYALITE**

avèk Miami Beach Community Health Center, HCN bay teknoloji enfòmasyon avèk sèvis ki anrapò avèk yo bay Miami Beach Community Health Center e lòt patisipan nan HCN. HCN angaje tou nan evalyasyon kalite avèk amelyorasyon aktivite pou patisipan li yo. Pa egzanp, HCN kowòdone aktivite revizyon klinik nan plas òganizasyon patisipant yo pou etabli to establish pi bon Pratik estanda e evalye benefis klinik ki kapab derive de izaj sistèm dosye sante elektwonik. HCN ede patisipan tou pou yo travay an kolaborasyon ansanm pou amelyore jestyon referans pasyan entèn e ekstèn yo. Enfòmasyon sante ou kapab pataje pa Miami Beach Community Health Center avèk lòt patisipan HCN yo lè sa nesesè pou rezon operasyon swen sante pou aranjman swen sante òganize.

**OTORIZASYON:** Okazyonèlman, gen sikontans ki pa gen rapò ak trètman, peman, e operasyon swen sante oubyen ki egzije pa la lwa otreman, kote ke enfòmasyon sante ou kapab sèvi e divilge. Nan ka sa yo nou pral pran otorizasyon ou alekri avan nou divilge enfòmasyon sante ou. Pa egzanp, itilizasyon e divilgasyon ki vin apre yo pral fèt sèlman avèk pèmisyon ou alekri: 1) Pi fò nan itilizasyon avèk divilgasyon sou nòt sikoterapi yo; 2) Divilgasyon ki ta konstitye itilizasyon avèk divilgasyon vant enfòmasyon sante ou; and 3) Itilizasyon e divilgasyon pou maketing. An plis, ou gen dwa pou ou anile nenpòt otorisayon preyalab lè ke ou avize nou a lekri.

**DWA OU KONSENAN ENFÒMASYON MEDIKAL OU**

Ou gen dwa sila yo, ki sijè a sèten limitasyon, ki gen rapò ak enfòmasyon medikal nou kenbe sou ou:

a) *Dwa pou enspekte e resevwa kopi.* Ou gen dwa pou ou enspekte e pou ou resevwa yon kopi e/oswa di nou ki kote pou nou voye yon kopi enfòmasyon swen sante ou ba ou, ki kapab sèvi pou pran desizyon sou swen ou e pou peman pou swen ou, ki enkli enfòmasyon ki sere nan yon dosye sante elektronik.

b) *Dwa ou pou Mande Restriksyon.* Ou gen dwa pou ou mande restriksyon osawa limitasyon sou enfòmasyon sante ou ke nou itilize ou divilge pou trètman, peman, osawa operasyon swen sante. Ou gen dwa pou ou mande yon limit sou enfòmasyon sante ke nou divilge de ou a yon moun ki enplike nan pran swen ou osawa pou peye pou swen ou, tankou yon manm fanmi ou osawa yon zanmi ou. Nou pa oblige agreye a demann ou an

Si nou aksepte demann ou, nou pral konfòme a demann ou amwens ke nou bezwen sèvi ak enfòmasyon an nan sèten sitiyasyon ijans pou trètman. Ou gen dwa tou pou mande ke nou restrenn divilgasyon sou enfòmasyon sante ou a plan sante ou si divilgasyon sa a se pou efektye peman osawa operasyon swen sante (e li pa pou founi trètman) e ke enfòmasyon sante a konsène inikman yon sijè/atik osawa yon sèvis ke ou peye annantye, e nou dwe konfòme nou a demann sila. Nou pa oblige konfòme nou a demann ou si ou pa peye pou sèvis la annantye.

c. *Dwa ou ou Mande yon Amannman.* Ou ka mande nou pou nou amande enfòmasyon medikal sou ou andedan yon dosye medikal ke nou kreye. Nou gen dwa refize demann ou pou sèten rezon espesifik. Si nou refize demann ou fè a, n'ap ba ou yon esplikasyon alekri ki esplike rezon pou refi a e enfòmasyon konsènan plis dwa ou ka genyen nan pwen sa a.

d. *Dwa a Kontabilite.* Ou gen dwa pou ou resevwa kontabilite sou divilgasyon enfòmasyon medikal ou ki fèt pa MBCHC jan la lwa egzije li a

e. *Notifikasiyon pou Vyolasyon.* Ou gen dwa pou ou resevwa notifikasiyon nenpòt lè gen yon vyolasyon ki fèt sou enfòmasyon sante ou ki pa sekirize. Si gen yon vyolasyon (jan la lwa defini li a) sou nenpòt nan enfòmasyon sante ou ki pa sekirize, lè sa a nou pral notifye ou touswit apre nou dekouvri vyolasyon an konfòmeman a lwa eta e lwa federal ki aplikab yo.

f. *Dwa pou Resevwa yon Kopi sou Papye.* Si ou resevwa avi sa a elektwonikman, ou kapab mande pou yo ba ou yon kopi sou papye de Avi sou Pratik Konfidansyalite pou Enfòmasyon Sante ki Pwoteje

g. *Plent.* Ou gen dwa pou ou pote plent a MBCHC e/oswa a United States Department of Health and Human Services nan adrès ki liste pi ba a si ou kwè ke nou vyole dwa a konfidansyalite ou. Tout plent dwe fèt alekri. Si ou fè chwa pou ou pote plent, nou pap pran revanch kont ou pou sa nan okenn fason.

**Pou Kontakte MBCHC, fè kontak nan:**

Attn: Privacy Officer  
Miami Beach Community Health Center 11645  
Biscayne Blvd, #207  
North Miami, Florida 33181  
Phone: 305-538-8835



Miami Beach Community Health Center  
**AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE**

**Pou kontakte HHS:**

Ou kapab pote plent bay U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights lè ke ou voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele nan (877) 696-6775, oswa vizite.

<http://HHS.Gov/OCR/Privacy/HIPAA/Complaints.PH>

Telefòn: 305-538-8835

AVI PRATIK KONFIDANSYALITE EFEKTIF APATI DE 26 Me 2020.

Nou rezèве dwa pou nou chanje tèm notifikasyon sa a pou nou fè nepòt revizyon ladan-l' ki aplikab a tout enfòmasyon sante ki pwoteje ke nou retni. Si nou revize tèm Avi a a, nou pral poste yon Avi ki revize nan tout biwo MBCHC e sou sit wèb nou an. Nou pral fè kopi sou papye de Avi Revize sou Pratik Konfidansyalite a disponib sou demann ou.

---

Siyati Pasyan an (oswa Reprezantan legal)

---

Dat

---

Eple Non an e Ekri Nimewo Dosye Medikal la

---

Temwen (*Si pasyan an refize siyen non li*)

Pasyan an refize siyen non li

Pasyan an Resevwa Dokiman